

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG REKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan Média *Origami* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII D SMPN 2 Lembang Taun Ajaran 2015/2016), dicindekkeun saperti ieu di handap.

- 1) Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMPN 2 Lembang saméméh ngagunakeun média *origami*, nya éta tina 34 siswa, ngan aya genep siswa atawa 17,65% nu geus ngahontal KKM sarta 28 siswa atawa 82,35% nu can ngahontal KKM. Kalawan skor pangluhurna nya éta 82 sedengkeun skor panghandapna nya éta 45.
- 2) Kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMPN 2 Lembang sabada ngagunakeun média *origami*, nya éta tina 34 siswa, aya 22 siswa atawa 64,71% nu geus ngahontal KKM sarta 12 siswa atawa 35,29% nu can ngahontal KKM. Kalawan skor pangluhurna nya éta 90 sedengkeun skor panghandapna nya éta 68.
- 3) Aya béda anu signifikan antara hasil *pretest* jeung *posttest* antara kamampuh nulis sajak siswa dumasar kana hasil $t_{itung} (9,57) > t_{tabel} (1,80)$, hartina hipotésis alternatif (H_a) ditarima sarta hipotésis nol (H_o) ditolak. Ieu hal némbongkeun yén média *origami* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak siswa kelas VII D SMPN 2 Lembang taun ajaran 2015/2016.

5.2 Implikasi

Média *origami* dilarapkeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Larapna média *origami* meunang sawangan anu positif ti siswa jeung guru, kusabab dina prak-prakanna ieu média ngirut jeung dipikaresep. Ieu média ogé bisa numuwuhkeun daya kréativiras siswa sarta mantuan siswa pikeun ngawangun imajinasi ngaliwatan wangun jeung warna *origami* anu rinéka.

Restu Haifarizah, 2016

MÉDIA ORIGAMI PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS SAJAK

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.3 Rekomendasi

Sabada ngayakeun panalungtikan ngeunaan média *origami* dina pangajaran nulis sajak, aya sababaraha saran anu patali jeung ieu panalungtikan, nya éta ieu di handap.

- 1) Dumasar kana hasil panalungtikan, média *origami* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis sajak. Ku kituna média *origami* bisa dijadikeun alternatif, hususna dina pangajaran nulis sajak, umumna dina pangajaran basa Sunda.
- 2) Saupama guru rék ngalarapkeun média *origami* dina pangajaran, hal-hal nu kudu diperhatikeun ku guru, nya éta guru kudu bisa milih wangun *origami* anu matak ngirut sarta luyu jeung pangajaran anu rék ditepikeun.
- 3) Ieu panalungtikan ngagunakeun métode kuasi ékspérimén, ku kituna perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu média ku ambahan anu leuwih lega, nya éta ngagunakeun métodé ékspérimén murni.